

Inisyasyon nan lasyans ak teknoloji

*PWOGRAM FÒMASYON POUANSEYAN AK ELÈV PREMYE AK DEZYEM ANE LEKÒL FONDAMANTAL
MODIL FOMASYON A DISTANS*

organism ki finanse program nan



DESANM 2013

Inisyasyon nan lasyans ak teknoloji

***PWOGRAM FÒMASYON POUANSEYAN AK ELÈV PREMYE AK DEZYEM ANE LEKÒL FONDAMANTAL
MODIL FOMASYON A DISTANS***

Elaboratè :

Jean Darnell CHERY

Pierre-Michel LAGUERRE

Konsepsyon ak kowòdinasyon

Tony CANTAVE

SEKANS 1 : Tèm : Kò moun

Konpetans tèminal :	Nan fen premyè ane, mèt la dwe fè elèv yo, devan yon sitiyasyon kote ki gen pwoblèm ki gen rapò ak kò yo, anviwonman yo, ak teknoloji e ak syans, kapab pote yon repons oubyen yon konsey pou resoud pwoblèm nan.	Organizasyon klas la : klas la ap separe an 5 gwoup. Chak gwoup ap gen 5 elèv ladan l. Nan chak aktivite yon elèv diferan ap jwe wòl rapòtè.
Konpetans 1 :	Aplike règ ijyèn yo pou pran swen kò w	Materyèl : planch didaktik oswa desen moun k ap lave kò yo nan kivèt dlo, anba douch ak nan larivyè .
Objektif aprantisaj :	Elèv la ap kapab konnen kòman pou l lave kò l	Dire : 60 minit

Deklanchè aktivite a : Pou kòmanse, anseyan an ap mete elèv yo nan yon sitiyasyon –pwoblèm ki dwe fè yo poze tèt yo kesyon. Li chwazi Pou li montre timoun yo yon planch didaktik ki gen desen yon timoun ki sal, k ap grate kò l epi ki gen mouch k ap poze sou li. Lap mande timoun yo pou yo gade, epi di sa yo panse.
Lap ekri sou tablo a tout sa timoun yo di

Etap 1: Lap kole yon postè ki gen moun k ap benyen nan kivèt dlo, anba douch ak nan larivyè. Epi l ap poze yo kesyon sa yo:

- 1-Kisa nou wè moun yo ap fè?
- 2-poukisa yon moun dwe lave kò l?
- 3-Ak kisa yo lave kò?

Etap 2 : Mèt la ap mete timoun yo an gwoup – l'ap bay yo konsiy sa: mwen pral distribiye ban nou plizyè desen, chak gwoup ap triye epi mete apa tout desen oubyen tout foto ki montre sa k ka rive yon timoun si l pa lave kò li.

NB: Men ki desen pou mèt la distribiye bay timoun yo: desen timoun k ap lave kò yo – desen timoun k ap lave men yo – desen timoun k ap lave cheve yo – desen timoun k ap bwose dan yo – desen timoun k ap jwe mab – desen timoun k ap grate kò l – desen timoun k ap grate tèt li – desen timoun ki gen gal sou po l - desen timoun ki gen bouton sou kò l li.

L ap fè chak gwoup prezante travay yo fè a epi eksplike desen yo chwazi yo. Aprè sa, l ap fè yon ti sentèz konsa:

Lè yon moun pa lave kò li anpil bagay ka rive l; tankou mikwòb ka anvayi po l, sa ki ka ba l gratèl ak demanjezon, gal ak bouton (enfeksyon sou po l). Se sak fè timoun, nou dwe toujou lave kò nou 3 fwa nan jounen an.

Etap 3 : Mèt la ap kenbe menm gwoup yo – l ap ba yo konsiy sa kounyeya : mwen pral distribiye plizyè desen bannou, chak gwoup ap klase desen pa yo an 3 lo. Nan premye lo a nap mete desen ki reprezante bagay nou itilize an premye lè nou ap lave kò nou, nan dezyèm lo a nap mete desen bagay nou itilize an dezyèm pandan n ap lave kò nou, nan twazyèm nan nap mete desen ki represante bagay nou itilize an dènye pou n fin lave kò nou. (Konsiy nan dwe reprann plizyè fwa pou timoun yo ka byen konprann).

NB : Men desen pou mèt la distribiye bay timoun yo : desen savon twalèt – desen ti sèvyèt – desen ti po – desen kivèt dlo – desen dlo k ap koule nan douch – desen gwo sèvyèt – desen chanpou – desen bone an plastik.

L ap fè chak gwoup prezante travay yo fè a epi eksplike desen yo chwazi yo. Aprè sa, l ap fè yon ti sentèz konsa:

Lè n ap lave kò nou nou dwe fè l konsa : n ap vide dlo sou tèt nou pou n ka mouye tout kò nou, aprè n ap vide chanpou nan men n epi n ap pase l nan cheve n pou n ka fwote l byen fwote pou n retire tout pousyè ki tonbe ladan l. Lè n fini nou rense l ; men si dlo rense parèt sal, sa vle di si kim k ap sot nan cheve a pa tou blan, nap relave cheve a ankò yon dezyèm fwa epi rense l pou l ka byen pwòp. Lè n fini ak cheve a nap savonnen kò n byen savonnen ak yon ti sèvyèt oubyen yon pay ki fèt pou sa menm. N ap pase savon an sou sèvyèt la jiskaske li byen kimen epi n ap fwote sèvyèt la sou tout kò nou pou n ka retire tout kras ki sou nou, epi n ap rense l byen rense. Men si dlo rense k ap koule sou kò nou an parèt sal anpil, n ap resavonnen ankò menm jan an pou kò n ka byen lave.

Entegrsyon pasyèl :

1-Ou gen yon ti zanmi ki ret bò lakay ou, chak fwa l ap jwe avè w, ou wè l ap plede grate kò l, epi anba zong li vin tou nwa ak kras. Chak fwa li kole kòl sou rad ou, li sal ou. Di ki konsey ou ka ba li pou l pa grate kò l ankò tanzantan, ak pou l pa sal rad ou ankò chak fwa kole sou ou.

2-Eksplike poukisa yon moun dwe lave kò l

3-Eksplike kòman yon moun dwe lave kò l

SEKANS 2 : Tèm : Kò moun

Konpetans tèminal :	Nan fen premyè ane, mèt la dwe fè elèv yo, devan yon sitiyasyon kote ki gen pwoblèm ki gen rapò ak kò yo, anviwonman yo, ak teknoloji e ak syans, kapab pote yon repons oubyen yon konsey pou resoud pwoblèm nan.	Organizasyon klas la : yon sèl gran gwoup
Konpetans 1 :	Aplike règ ijyèn yo pou pran swen kò w	Materyèl : postè ki montre moun ki gen kolera, k ap vomi, k ap twalèt, y ap Mennen nan lopital – planch didaktik ki montre moun k ap lave men yo
Objektif aprantisaj :	Elèv la ap kapab konnen kòman pou l lave men l	Dire : 35 mn

Deklanchè aktivite a: Pou kòmanse, anseyan an ap mete elèv yo nan yon sitiyasyon –pwoblèm ki dwe fè yo poze tèt yo kesyon. Li chwazi yon montre yo planch didaktik ki gen kèk moun ki gen kolera, k ap vomi, k ap twalèt sou yo, y ap Mennen lopital. L ap mande yo pou yo gade, epi di sa yo panse sou imaj yo.

L ap ekri sou tablo a tout sa timoun yo di :

Etap 1: L ap poze kesyon sa yo

- 1- Kisa ki bay yo maladi sa?
- 2- Kijan yo ka pran maladi sa ?
- 3- Kisa nou dwe fè pou n pa pran maladi sa ?

Etap 2: Mèt la ap kole sou tablo a kat (4) desen moun k ap lave men:

- Premye desen ap montre yon moun k ap lave men l andan yon kivèt dlo.
- Dezyèm desen an ap montre yon moun k ap pran dlo ak men dwat li nan yon kivèt dlo pou l lage l sou men goch li ki deyò kivèt la.

-Twazyèm desen an ap montre yon moun k ap lave men l anba yon tiyo k ap koule dlo.

-Katriyèm desen an ap montre yon moun k ap lave men l pandan yon lòt ap vide dlo pou li pou l rense men l .

L ap poze kesyon sa:

1- Kilès nan 4 desen sa yo ki montre pi bon fason pou yon moun lave men l? Eksplike poukisa.

L ap chwazi plizyè timoun pou pale, kèleswa desen yo chwazi a. Lè l fin fè yo pale l ap fè yon ti sentèz konsa: **Lè n ap lave men nou timoun se anba dlo k ap koule pou n fè sa, nou pa dwe foure men n nan kivèt dlo pou n lave l. Si nou fè sa se kòmsi men nou pa t janm lave men n; paske tout mikròb ki te nan men nou yo rete nan dlo ki nan kivèt la. Konsa, lè nou retire men nou nan dlo a, tout mikròb yo rete nan men nou ankò.**

Etap 3: L ap fè yon elèv pase devan, l ap ba l yon po dlo pou l vide sou men l. L ap pran yon savon, l ap savonnen pla men l, do men l, fant dwèt li, ponyèt li , l ap netwaye anba zong li, epi l ap fè elèv la vide dlo sou men l poul ka rense l byen rense. Lè l fini, l ap souke l byen souke jiskaske li sèch.

Aprè, l ap poze kesyon sa:

1- poukisa mwen pa siye men m se souke mwen souke l pou l vin sèch?

Aprè repos timoun yo, l ap eksplike yo ke sèvyèt yo konn sèvi pou siye men yo lè yo lakay yo ka resal men yo ankò ak mikròb l si l pa pwòp. Se menm jan an tou lè yo siye men yo sou rad yo, yo resal men yo ankò ; paske rad yo chaje ak mikròb ke yo pran nan lari a lè pousyè tonbe sou yo ak lè yo chita atè.

L ap eksplike yo tou ke gen sèvyèt ki fèt pou sa menm, yo pa gen mikròb psake yo byen pwoteje, yo rele yo eswi-men, yo siye men avè yo yon sèl fwa, aprè sa yo jete yo.

Etap 2 : L ap chwazi plisyè elèv 2 pa 2 pou vin lave menm yo menm jan avè l.

Entegrasyon pasyèl:

- 1- Eksplike poukisa se anba dlo k ap koule moun dwe lave men yo?
- 2- Fè yon kwa sou desen ki montre bon fason pou moun lave men yo.

SEKANS 3 : Tèm : Kò moun

Konpetans tèminal :	Nan fen premyè ane, mèt la dwe fè elèv yo, devan yon sitiyasyon kote ki gen pwoblèm ki gen rapò ak kò yo, anviwonman yo, ak teknoloji e ak syans, kapab pote yon repons oubyen yon konsey pou resoud pwoblèm nan.	Organizasyon klas la : yon sèl gran gwoup
Konpetans 1 :	Distenge pozisyon dwat ak pozisyon goch	Materyèl : Krè, tablo, timoun yo ak tout sa ki nan klas la
Objektif aprantisaj :	Elèv la ap kapab konnen pozisyon dwat ak goch li.	Dire : 60 mn

Deklanchè aktivite a: Pou kòmanse, anseyan an ap mete elèv yo nan yon s itiyasyon – pwoblèm ki dwe fè yo poze tèt yo kesyon. Li chwazi 2 elèv (jak ak pyè), l ap fè yo pase devan klas, l ap mare yon mouchwa rouj nan bra dwat jak, yon mouchwa ble nan bra goch pyè. L ap mete yo kòt a kòt, yon fason pou tou 2 mouchwa yo ka kole ansanm.. L ap di timoun pou yo gade byen. L ap fè Jak deplase al kanpe sou bò dwat pyè. Aprè yon ti tan, l ap fè l retounen nan plas li. Epi l ap mande yo pou eksplike sa yo konprann.

Etap 1 : L ap poze klas la kesyon sa yo :

- 1- Nan bra ki moun mouchwa ble a mare?**
- 2- Ki bra li ye?**
- 3- Nan ki bra mouchwa rouj la ye**

Etap 2 : L ap fè jan ak pyè chanje bò, y ap toujou ret kòt a kòt, men fwa sa se bra ki pa gen mouchwa yo k ap kole ansanm. Epi lap poze kesyon sa : **kilès moun ki ka di m kounyeya nan ki bra mouchwa rouj la ye ak nan ki bra mouchwa ble a ye ?**

Lè timoun yo fin reponn l ap poze yo lòt kesyon sa:

Sa nou wè timoun, lè m fè jak chanje pozisyon ak pyè, eske mouchwa yo chanje bra ?

Lè timoun yo fin reponn, lap eksplike yo ke **kelkeswa pozisyon yo ye, yo mèt vire yo mèt tounen, bra dwat yo ap toujou rete bra dwat, bra goch yo ap toujou rete bra goch.** Se sak fè lè yon bagay bò kote bra dwat nou, nou di bagay sou bò dwat nou, e lè li bò kote bra goch nou, nou di li sou bò goch nou.

Etap 3 : l ap mete yon règ sou bò dwat li ak yon kaye sou bò goch li epi l ap poze timoun yo kesyon sa :

1-Sou ki bò Kaye a ye?

2-E règ la, sou ki bò li ye?

Lè timoun yo fin jwenn repons lan, l ap poze kesyon endividyl kounyeya, tankou :

1- Andre, kiyès moun ki sou bò dwat ou nan ban an ?

2- Michèl, karòl, jakòb kanpe – karòl, ki pozisyon michèl pa rapò a ou men

L ap poze kesyon jiskaske tout timoun yo rive konprann. Lè l fini, l ap fè ti ekzèsis sa :

Chak timoun pran yon fèy Kaye, n ap desine yon moun ki gen yon valiz nan men dwat li ak yon plim nan men goch.

Entegrasyon pasyèl: Si w gen yon kaye nan men dwat ou, ou vire fasou sou lòt bò avè l' nan men w. nan ki men li vin ye kounyeya a ? Eksplike poukisa.

SEKANS 4 : Tèm : Kò moun

Konpetans tèminal :	Nan fen premyè ane, mèt la dwe fè elèv yo, devan yon sitiyasyon kote ki gen pwoblèm ki gen rapò ak kò yo, anviwonman yo, ak teknoloji e ak syans, kapab pote yon repons oubyen yon konsey pou resoud pwoblèm nan.	Organizasyon klas la : yon sèl gran gwoup
Konpetans 1 :	Distenge pozisyon dwat ak pozisyon goch	Materyèl : Krè, tablo, timoun yo ak tout sa ki nan klas la
Objektif aprantisaj :	Elèv la ap konnen Pozisyon moun ki bò kote l la	Dire : 60 mn

Deklanchè aktivite a: Pou kòmanse, anseyan an ap mete elèv yo nan yon sitiyasyon –pwoblèm ki dwe fè yo poze tèt yo kesyon. Li chwazi 2 elèv (mak ak andre), l'ap mete yonn sou bò dwat li lòt la sou bò goch, l'ap leve yon men anlè, l'ap mande timoun yo **ki men sa ye? Kilès moun ki bò men sa?** L'ap vire fas li bay tablo a avèk men an toujou anlè, epi l ap poze menm kesyon an: **Ki men sa ye? Kilès moun ki sou bò men?**

Etap 1: l ap vire fas li bay klas la epi l ap poze kesyon sa:

- 1- **Kimoun ki sou bò dwat mwen ?**
- 2- **Ki moun ki sou bò goch mwen ?**
- 3- **Si m vire fas mwen bay tablo a, sou ki bò andre ap vin ye pa rapò a mwen menn ? e mak.**
- 4- **Poukisa**

Etap 2 : Mèt la ap fè twa elèv vin devan klas la. L ap mete yo kòt a kòt. Epi l ap poze klas la kesyon sa yo:

1-Timoun, nan 3 elèv sa yo kilès ki nan mitan?

2-Kilès elèv ki sou bò dwat elèv ki nan mitan an ? Kilès ki sou bò goch li?

Etap 3 : Lap mande elèv nan mitan an pou l vire fas li bay tablo a, epi l ap poze menm kesyon yo :

3-kilès ki sou bò dwat li kounyeya ? Kilès ki sou bò goch li ?

Etap 4: La ap chwazi 3 elèv Nan chak ban pou fè menm ekzèsis la, nan plas yo kote yo ye ya.

Pou fini, l'ap eksplike yo ke **kèlkeswa bagay ki sou bò dwat ou, depi w vire fas ou li vin sou bò goch ou. Se menm jan si l sou bò goch ou, ou vire fas ou, l ap vin sou bò dwat ou.**

Entegrasyon pasyèl : Si w gen yon tab sou bò goch, epi ou vire fas ou sou lòt bò. Sou ki bò tab la vin ye pou ou konyeya ? Eksplike poukisa.

SEKANS 1 : Tèm : Bèt nan lokalite a

Konpetans tèminal :	Nan fen premyè ane, mèt la dwe fè elèv yo, devan yon sitiyasyon kote ki gen pwoblèm ki gen rapò ak kò yo, anviwonman yo, ak teknoloji e ak syans, kapab pote yon repons oubyen yon konsey pou resoud pwoblèm nan.	Organizasyon klas la : yon sèl gran gwoup
Konpetans 1 :	Identifye bèt ki nan lantouraj nou ak jan yo viv.	Materyèl : planch didaktik bèt nan lokalite a
Objektif aprantisaj :	Elèv la ap Konnen non bèt ki nan lokalite a ak sa yo manje	Dire : 35 mn

Deklanchè aktivite a: Pou kòmanse, anseyan an ap mete elèv yo nan yon sitiyasyon –pwoblèm ki dwe fè yo poze tèt yo kesyon. Li chwazi kole sou tablo a yon planch didaktik ki gen plizyè bèt ki nan lokalite a. L ap mande yo pou yo gade epi di ki kote yo konn wè bèt sa yo

Etap 1: L ap voye chak timoun al touche yon bèt, epi di non bèt la ak sa li manje.

Ekzanp:

1-jan, al touche yon bèt sou tablo a

2-kijan bèt sa rele?

3-kisa bèt sa manje ?

Si timoun nan pa rive reponn, mèt la ap rele yon lòt elèv l ap poze menm kesyon pou l ka ede l.

Mèt la ap voye plizyè timoun sou tablo a pou fè menm bagay la

Etap 2 : Lè yo fin di non tout bêt ki nan planch didaktik la, mèt la ap poze kesyon sa :

1-ki non lòt bêt nou konnen ankò ki nan lokalite a, men ki pa nan planch la ?

2-kisa yo manje ?

Entegrasyon pasyèl : Fè yon tablo klasman bêt nan lokalite a daprè sa yo manje (si timoun nan pa ka ekri, l ap fè desen).

SEKANS 2 : Tèm : Bêt nan lokalite a

Konpetans tèminal :	Nan fen premyè ane, mèt la dwe fè elèv yo, devan yon sitiyasyon kote ki gen pwoblèm ki gen rapò ak kò yo, anviwonman yo, ak teknoloji e ak syans, kapab pote yon repons oubyen yon konsey pou resoud pwoblèm nan.	Organizasyon klas la: nan yon premye tan klas la ap rete an gran gwoup, nan yon dezyèm tan 1 ap separe 1 an 5 gwoup. Chak gwoup ap gen 5 elèv ladan 1.
Konpetans 1 :	Identifye bêt ki nan lantouraj nou ak jan yo viv.	Materyèl : planch didaktik bêt nan lokalite a
Objektif aprantisaj :	Elèv la ap Konnen jan bêt yo deplase	Dire : 60 mn

Deklanchè aktivite a: Pou kòmanse, anseyan an ap mete elèv yo nan yon sitiyasyon –pwoblèm ki dwe fè yo poze tèt yo kesyon. Li chwazi kwoke sou tablo a yon planch didaktik ki gen plisyè kalte bêt nan lokalite a ladan 1.

Etap 1 : L ap touche bêt yo yonn pa yonn epi l'ap mande timoun yo non yo a chak fwa

Etap2: L ap met elèv yo an gwooup epi l ap ba yo konsiy sa: mwen pral distribiye desen plizyè bêt ki nan lokalite a ban nou. Si yon bêt se vole li vole lè l ap deplase, n ap fè yon ti won sou tèt li, si se sote li soto lè l ap deplase n ap fè yon ti kare sou tèt li, si se nage li nage, n ap fè yon ti triang sou tèt li, si se galope li galope, n ap fè yon ti kwa sou tèt li, si se ranpe li ranpe, n ap fè yon ti trè sou tèt li.

L ap ditribiye menm kantite materiel bay chak gwooup, epi l ap rebay konsiy nan ankò avan yo kòmanse travay.

Etap3: Lè yo fini, L ap fè chak gwooup prezante travay yo fè a, epi di ki kote yo konn wè bêt sa yo ap deplase.

Etap4: L ap Fè yon ti sentèz konsa : l ap fè yon tablo menm jan ak sa k anba a. Andan chak kolòn, l ap kole ak tep foto bêt ki koresponn avè l la.

VOLE	SOTE	NAJE	RANPE	GALOPE

Entegrasyon pasyèl : M èt la ap ede timoun yo Fè yon tablo klasman bêt nan lokalite a daprè jan yo deplase.

SEKANS 1: Tèm: Plant nan lokalite a

Konpetans tèminal :	Nan fen premyè ane, mèt la dwe fè elèv yo, devan yon sitiayson kote ki gen pwoblèm ki gen rapò ak kò yo, anviwonman yo, ak teknoloji e ak syans, kapab pote yon repons oubyen yon konsey pou resoud pwoblèm nan.	Organizasyon klas la : klas la ap separe an 5 gwoup
Konpetans 1 :	dekouvri itilite plant yo.	Materyèl : planch didaktik/ foto plant yo ak kèk plant natirèl (pwawo, kreson, zepina, asowosi, langichat, pye rose, pye bougin vilye, sapen.....)
Objektif aprantisaj :	Elèv la ap Konnen ki sa yo ka fè ak plant yo.	Dire : 60 mn

Deklanchè aktivite a : Pou kòmanse, anseyan an ap mete elèv yo nan yon sitiayson –pwoblèm ki dwe fè yo poze tèt yo kesyon. Li chwazi montre yo plizyè ti plant natirèl tankou: pwawo, kreson, zepina, asowosi, langichat, pye rose, pye bougin vilye, sapen.....L ap mande timoun yo poyo klase yo an 3 categori

Etap 1 : L ap pose elèv yo kesyon sa yo :

- 1- Kijan yo rele plant sa yo ?
- 2- Kisa yo ka fè avè yo ?
- 3- Ki lòt plant nou konnen ankò yo ka fè menm bagay la avè yo ?

Etap 2 : L ap met elèv yo an gwoup epi 1 ap ba yo konsiy sa: M ap bay chak gwoup 2 lo foto ; premye lo a gen foto plant sa yo nou sot wè la – dezyèm lan gen imaj moun ki malad, imaj kay ki gen po san flè devan 1 ak imaj limyè noèl ak giland. Chak foto nou pran nan dezyèm lo a, n ap gade kisa 1 reprezante epi n ap mete bò kote 1 foto plant nan premye lo a ki koresponn avè 1.

Etap 2 : Lè yo fini, L ap fè chak gwoup prezante travay yo fè a epi eksplike mariaj desen yo fè yo.

Etap 3 : Lè tout gwoup fin prezante, mèt la ap poze klas la kesyon sa : Daprè tout sa nou sot tandé la, kisa nou wè yo kapab fè ak plant yo ?

Aprè repos timoun yo mèt la ap fè ti rezime sa: Nou wè yo ka fè dekorasyon, fè remèd ak fè manje avèk plant. Pa ekzanp, pou fè kay nou bèl manmann konn achte bèl ti plant met anba galri kay – Pou fè remèd pou nou lè nou malad, manman nou konn bouyi fèy plant pou nou ; tankou fèy langlichat, fèy choublak pou grip – fèy asowosi, fèy bwa chèn pou lafayèv. Pou fè bon legim ak bouyon pou nou, manman nou konn itilize fey zepina, fèy lyann panye, fèy koupye ak plizyè lòt ankò.

Entegrasyon pasyèl : 1-.Men yon lis plant (pye sitwon, pye kanpèch, pye lyann panye , pye asowosi, pye bazilik, chou, langichat, zepina, lalwa, koupye, choublak, pye lorye, flè solèy, bwa chèn,). Mèt la ape de elèv yo fè yon tablo pou klase plant sa yo daprè itilite yo.

SEKANS 2 : Tèm : Plant nan lokalite a

Konpetans tèminal :	Nan fen premyè ane, mèt la dwe fè elèv yo, devan yon sitiyasyon kote ki gen pwoblèm ki gen rapò ak kò yo, anviwonman yo, ak teknoloji e ak syans, kapab pote yon repons oubyen yon konsey pou resoud pwoblèm nan.	Organizasyon klas la : klas la ap separe an 5 gwoup
Konpetans 1 :	dekouvri itilite plant yo.	Materyèl : fwi natirèl (mango, zaboka, seriz, sitwon, gwaav, kowosòl, kenèp, papay ak fig) planch didaktik plant yo, planch didaktik fwi yo, desen ab fwitye ki gen fwi nan branch yo
Objektif aprantisaj :	Elèv la ap Konnen non pye bwa ki bay fwi yo	Dire : 60 mn

Deklanchè aktivite a: Pou kòmanse, anseyan an ap mete elèv yo nan yon sitiyasyon –pwoblèm ki dwe fè yo poze tèt yo kesyon. Li chwazi montre timoun yo yon kabare ki chaje ak fwi tout kalte ladan I, tankou mango, zaboka, seriz, sitwon, gwaav, kowosòl, kenèp, papay ak fig, epi I ap poze yo kesyon sou non fwi sa yo: **Kòman fwi sa rele? E fwi sa?.....**

Etap 1 : L ap met elèv yo an gwooup epi I ap ba yo konsiy sa: M ap distribiye bay chak gwooup yon lo desen plant ki gen fwi nan branch yo. N ap gade yo byen gade, epi n ap di non fwi yo ak non plant ki bay yo a

Pou chak desen, I ap fè represantan chak gwooup bay non plant lan ak non fwi ki ladan I lan

Etap 2 : Lè timoun yo fin reponn, I ap fè ti rezime sa : kòm nou sot wè I la, se plant yo ki bay fwi yo. Plant ki bay fwi yo rele ab fwitye, sa ki pa bay fwi yo rele ab forestye. Pa ekzanz, yon pye mango se yon ab fwitye, fwi li bay la rele mango, pye bwa a rele mangye – yon pye zaboka se yon ab fwitye, fwi li bay la rele zaboka, plant lan rele avokatye.....

Etap 3 : I ap kole yon planch didaktik ki gen desen fwi yo ladan I sou tablo a ak yon lòt planch didaktik ki gen desen plant ki bay fwi yo ladan I. L ap voye timoun yo sou tablo a avèk konsiy sa: **touche desen fwi ou pi renmen an sou tablo a, pran I sou tab la, touche desen plant ki bay li a epi, di non plant lan.** Chak fwi li touche sou planch lan, I ap montre I nan fwi natirè I yo, I ap touche plant ki bay li a epi I ap di non pye bwa a L ap fè sa pou tout fwi yo. Pou chak fwi I prezante, I ap fè timoun yo repeete non pye bwa ki bay li a plizyè fwa.

Entegrasyon pasyèl:

Mèt la ape de timoun yo prepare yon tablo ab fwitye ki gen non pye bwa yo ak non fwi yo bay yo.

SEKANS 2 : Tèm : Eleman natirèl yo

Konpetans tèminal :	Nan fen premyè ane, mèt la dwe fè elèv yo, devan yon sitiyasyon kote ki gen pwoblèm ki gen rapò ak kò yo, anviwonman yo, ak teknoloji e ak syans, kapab pote yon repons oubyen yon konsey pou resoud pwoblèm nan.	Organizasyon klas la : nan yon premye tan klas la ap rete an gran gwoup, nan yon dezyèm tan 1 ap separe 1 an 5 gwoup. Chak gwoup ap gen 5 elèv ladan 1.
Konpetans 1 :	Dekouvri enpòtans tè a, dlo yo ak lè pou èt vivan yo	Materyèl : po – plan bazilik – tè - dlo
Objektif aprantisaj :	Elèv yo ap konnen enpòtans tè a pou èt vivan yo	Dire : 60 mn

Deklanchè aktivite a: Pou kòmanse, anseyan an ap mete elèv yo nan yon sitiyasyon –pwoblèm ki dwe fè yo poze tèt yo kesyon. Li chwazi montre timoun yo 10 ti plant ke l prepare depi lavèy. 5 ki byen fre nan 5 po ki gen tè, 5 lòt byen fennen ak tout rasin nan 5 po ki vid. Mèt la dwe mare po yo byen mare ak sachè nwa pou timoun yo pa wè si yo gen tè ladan yo.

Etap 1: l ap poze kesyon sa : **Timoun, kisa yon plant bezwen pou l viv?**

L ap ekri **ipotèz** sa ke l pran nan repons timoun yo bay yo: **Plant yo bezwen tè pou yo viv**

L ap poze yon lòt kesyon: **Si yon plant pa jwenn tè sa k ap rive l?**

L ap ekri **pediksyon** sa a pati repons timoun yo: **Si plant yo bezwen dlo pou l viv alò, plant ki pa jwenn dlo yo ap mouri.**

Etap 2 : L ap met elèv yo an gwooup , l ap ba chak gwooup 2 ti po plant avèk konsiy sa: n ap dechire plastic ki mare po yo epi n ap gade yo bye gade pandan 10 minit, aprè n ap pran 5 minit pou nou pale antnou nan chak gwooup sou tout sa nou wè. Lè n fini, chak gwooup ap dekri pou tout klas la sa yo wè nan 2 ti po yo.

L ap ekri **deskripsiyon eksperyans** lan sou table a apati sa timoun yo di nan chak gwooup, epi l ap fè desen 2 po yo bò kote l.

Etap 3 : L ap poze kesyon sa : **Ki konklisyon nou kapab fè apati tout sa nou sot wè ak tout sa nou sot di la ?**

Mèt la ap ekri **konklisyon** an apati sa timoun yo di e apati tou ipotèz ki te ekri sou table a : **Ipotèz nou an vrè,” plant yo bezwen tè pou yo viv.**

L ap fè timoun yo kopye sa l ekri sou table a nan kaye yo.

Etap 4: Poul montre enpòtans tè a pou moun ak bèt yo, l ap poze kesyon sa : **Kisa moun yo ak bèt yo bezwen pou yo ka viv ?**

L ap ekri ipotèz la apati repons timoun yo : **Ipotèz : Moun yo ak bèt yo bezwen manje pou yo ka viv**

L ap poze lòt kesyon sa : **Kisa ki ka rive moun yo ak bèt yo si yo pa jwenn manje ?**

L ap ekri **pediksyon** an pati repons timoun yo: **Si moun ak bèt yo pa jwenn manje pou yo manje y ap mouri.**

Etap 5: L ap kole sou table a postè ki montre timoun ki mèg anpil k ap mouri ak malnitrison ak postè timoun ki byen pòtan ki byen plen .L ap kole tou postè kèk bèt ki mèg anpil ak postè kèk lòt ki byen gra. L ap mande timoun yo pou yo gade byen gade, epi dekri sa yo wè a pou postè moun yo nan yon premye tan epi pou bèt yo nan yon dezyèm tan.

Etap 6: L ap poze yo kesyon sa yo : **poukisa timoun sa mèg konsa ? e bèt yo poukisa yo mèg konsa tou ? Kisa ki ka rive yo si yo kontinye pa jwenn manje ? Manje sa yo n ap manje a ki kote yo soti menm ? Si pa gen tè èske manje yo ap pouse ? Si manje yo pa pouse èske n ap ka viv ? èske n kapab di tè a enpòtan pou bèt yo ak moun yo, poukisa ?**

Mèt la ap ekri tout repons timoun yo sou table a

Etap 6: L ap poze kesyon sa : **Ki konklisyon nou kapab fè kounyeya apati ak tout sa nou sot di la ?**

L ap ekri **konklisyon** an apati sa timoun yo di e apati tou ipotèz ki te ekri sou table a : **Ipotèz nou an vrè,” Moun yo ak bèt yo bezwen manje pou yo ka viv**

L ap fè timoun yo kopye sa l ekri sou table a nan kaye yo.

Integrasyon pasyèl : Eksplike poukisa tè a enpòtan pou moun ak bèt yo.

SEKANS 2 : Tèm : Eleman natirèl yo

Konpetans tèminal :	Nan fen premyè ane, mèt la dwe fè elèv yo, devan yon sitiyasyon kote ki gen pwoblèm ki gen rapò ak kò yo, anviwonman yo, ak teknoloji e ak syans, kapab pote yon repons oubyen yon konsey pou resoud pwoblèm nan.	Organizasyon klas la : Mèt la ap divize klas la an 5 gwoup
Konpetans 1 :	Dekouvri enpòtans tè a, dlo yo ak lè pou èt vivan yo	Materyèl : dlo, branch bazilik, po, tè sachè plastik
Objektif aprantisaj :	Elè yo ap konprann enpòtans dlo pou èt vivan yo	Dire : 60 mn

Deklanchè aktivite a: Pou kòmanse, anseyan an ap mete elèv yo nan yon sitiyasyon –pwoblèm ki dwe fè yo poze tèt yo kesyon. Li chwazi montre timoun yo 10 po ki gen 10 ti pye bazilik plante ladan yo ke l prepare depi lakay li. 5 ladan yo fennen epi plante nan 5 po ki gen tè sèch. Lòt 5 lan byen fre epi plante nan tè ki byen mouye. Tout po yo mare ak sachè plastic nwa, yon fason pou tè ki ladan yo pa parèt.

NB: men kòman l ap prepare plant yo (l ap pran 10 branch bazilik, l ap plante chak nan yon ti po, l'ap wouze 5 ladan yo 3 fwa nan jounen an, maten, midi, swa. Demen maten bonè avan kou a l ap wouze yo byen wouze ankò. Lòt 5 la ap rete san wouze).

Etap 1 : Lap poze timoun yo kesyon sa: **Aprè tè, kisa yon plant bezwen ankò pou l viv?**

L ap ekri **ipotèz** la apati repons timoun yo bay ak kesyon an: **Plant yo bezwen dlo pou yo viv**

L ap poze lòt kesyon sa: **Kisa ki ka rive plant yo si yo pa jwenn dlo pou yo bwè?**

L ap ekri **pediksyon** an pati repons timoun yo: **Si plant yo pa jwenn dlo y ap mouri.**

Etap 2 : L ap met elèv yo an gwoup , l ap bay chak gwoup 2 ti po bazilik, yonn ki fennen ak yon lòt ki fre. L ap ba yo konsiy sa: n ap dechire plastic ki mare po yo epi n ap opsève yo byen opsève pandan 10 minit ; aprè sa n ap pran 5 minit pou nou dekri ant nou menm, nan chak gwoup, tout sa nou wè nan 2 ti po yo. Lè nou fini, chak gwoup ap prezante deskripsiyon yo fè a pou tout klas la.

L ap ekri **deskripsiyon eksperyans** lan sou table a apati sa timoun yo di nan chak gwoup, epi l ap fè desen 2 po yo bò kote l.

Etap 3 : L ap poze kesyon sa : **Ki konklisyon nou kapab fè kounyeya apati tout sa nou sot wè ak tout sa nou sot di la ?**

L ap fè **konklisyon** an ansanm ak timoun yo, epi l ap ekri l sou table a : **Ipotèz nou an vrè,”plant yo bezwen dlo pou yo viv”**

L ap fè timoun yo kopye sa l ekri sou table a nan kaye yo.

Integrasyon pasyèl: Mèt la ap ede timoun yo prepare kèk plantil ab fwitye nan lakou lekòl la.

SEKANS 3 : Tèm : Eleman natirèl yo

Konpetans tèminal :	Nan fen premyè ane, mèt la dwe fè elèv yo, devan yon sitiayson kote ki gen pwoblèm ki gen rapò ak kò yo, anviwonman yo, ak teknoloji e ak syans, kapab pote yon repons oubyen yon konsey pou resoud pwoblèm nan.	Organizasyon klas la : klas la ap rete an gran gwoup
Konpetans 1 :	Dekouvri enpòtans tè a, dlo yo ak lè pou èt vivan yo	Materyèl : Sourit- gwo bokal transparan- kaj
Objektif aprantisaj :	Elè yo ap konprann enpòtans lè pou èt vivan yo	Dire : 60 mn

Deklanchè aktivite a: Pou kòmanse, anseyan an ap mete elèv yo nan yon sitiayson –pwoblèm ki dwe fè yo poze tèt yo kesyon. Li chwazi montre yo yon ti sourit nan yon ti kaj ak yon gwo bokal transparan. Epi l ap poze yo kesyon sa yo :

1-Kisa ki nan kaj sa timoun?

2-Si m mete l nan bokal sa epi m fèmen l byen fèmen, sa k ap pase timoun?

3-Poukisa ?

Etap 1 : L ap ekri **ipotèz** la apati repons timoun yo bay ak kesyon yo: **èt vivan yo bezwen lè pou yo viv**

L ap poze lòt kesyon sa : **kisa k ap rive èt vivan yo si yo pa jwenn lè ?**

L ap ekri **pediksyon** an pati repons timoun yo: **Si èt vivan yo pa jwenn lè y ap mouri**

Etap 2 : L ap fè **eksperyans** lan : l ap fè ti sourit la tonbe nan bokal epi l ap fèmen l byen vit .

L ap di timoun yo : obsève byen tout sa k ap pase nan bokal aprè pou n ka vin dekri l pou mwen devan klas la.

Etap 3 : Kon sourit la mouri, mèt la ap poze kesyon sa : **Kilès moun ki vle vin dekri pou mwen tout sa li obsève nan bokal la depi lè mwen lage ti sourit la ladan I lan jiskaske li mouri a ?**

L ap ekri sou table a **deskripsiyon** timoun yo, epi l ap fè desen ki koresponn avèk chak etap nan deskripsiyon yo.

Etap 3 : L ap poze kesyon sa : **Ki konklisyon nou kapab fè kounyeya apati tout sa nou sot wè ak tout sa nou sot di la ?**

L ap ekri **konklisyon** an apati sa timoun yo di e apati tou ipotèz ki te ekri sou table a : **Ipotèz nou an vrè,”èt vivan yo bezwen lè pou yo viv ”**

Etap 4 : L ap poze kesyon sa : **Kounyeya si nou ta nan menm sitiyasyon ak ti sourit la, nou ta fèmen yon kote n pa ta jwenn lè tou pou n respire, kisa k ap rive nou ?**

L ap mande yo pou yo bouche nen yo ak bouch yo pandan ke l'ap konte rive jiska 10. Aprè sa l'ap poze yo kesyon sa yo :

Kòman nou te santi nou timoun ?

Kisa ki t'ap rive nou timoun si n te kontinye kenbe bouch nou ak nen nou ?

L ap fè ti rezime sa :

Rezime

Nou wè lè a se yon bagay ki enpòtan anpil nan lavi moun ak bèt yo, nou bezwen li pou nou respire pou n ka viv ; san li tout sa k vivan sou latè ap mouri, menm plant yo tou pap ka viv san li. Se sak fè yo di ke li endispansab pou lavi, sa vle di : pa gen okenn èt vivan ki ka viv san li.

L ap fè timoun yo kopye sa l ekri sou table a nan kaye yo.

Integrasyon pasyèl: ????????????????

SEKANS 3 : Tèm : entèaksyon eleman nan milye a

Konpetans tèminal :	Nan fen premyè ane, mèt la dwe fè elèv yo, devan yon sitiyasyon kote ki gen pwoblèm ki gen rapò ak kò yo, anviwonman yo, ak teknoloji e ak syans, kapab pote yon repons oubyen yon konsey pou resoud pwoblèm nan.	Organizasyon klas la : klas la ap rete an gran gwoup
Konpetans 1 :	jwenn relasyon ki genyen ant eleman naturel yo ak èt vivan yo.	Materyèl : Bokal tè- bokal dlo –ti pwason vivan- kaj- pijon- sachè plastic- vè tè – planch didaktik bète nan lokalite a
Objektif aprantisaj :	Elè yo ap Konnen tout kote èt vivan yo viv.	Dire : 90 mn

Deklanchè aktivite a: Pou kòmanse, anseyan an ap mete elèv yo nan yon sitiyasyon –pwoblèm ki dwe fè yo poze tèt yo kesyon. Li chwazi montre yo yon bokal tè ki gen 3 vè de tè kache ladan I, yon bokal dlo ki gen ti pwason vivan ladan I ak yon kaj ki gen pijon ladan I. Lap mande timoun yo pou yo gade byen gade.

Etap 1 : Lap poze kesyon sa yo :

1-timoun, kisa nou wè ki nan bokal yo ak nan kaj la ?

2-eske pa gen anyen andan tè ki nan bokal sa ?

Mèt la ap di : nou pral gade pou n wè.

Lap vide tè a sou yon plastik epi lap brase l ak yon ti bout bwa jiskaske li jwenn vè tè yo. Epi lap di : **aaa nou jwenn yon bète ladan I.**

Lap poze kesyon sa :

3-kijan bêt sa rele ?

4-ki kote li te ye kifè nou pa t ka byen wè I ?

5-ki kote pwason yo/an ye?

6-ki kote pijon an ye?

6-eske pwason an ka viv anba tè a?

7-eske pijon an ka viv nan dlo a?

8- Kounyeya, kilès timoun ki ka di m tout kote èt vivan yo kapab viv?

Etap 2 : Lap fè ti **rezime sa**: nou wè timoun èt vivan yo ka viv plizyè kote, gen sa ki viv anba tè, gen sa ki viv nan dlo, e gen sa ki viv nan lè a.

Etap 3 : Lap kole sou table a yon planch didaktik ki gen anpil bêt nan anviwonman an ladan .aprè sa lap voye timoun yo yonn pa yonn al touche yon bêt epi di non bêt la ak kote lap viv la.

Chak fwa yon timoun gen difikilte pou lap fè yon lòt timoun ki kapab, ede l.

Entegrasyon pasyèl: Mèt la ap ede timoun yo prepare yon ti table klasman èt vivan yo, swivan kote yo viv la.

SEKANS 1: Tèm: inisyation nan teknoloji ak nan aktivite pwodiktiv

Konpetans tèminal :	Nan fen premyè ane, mèt la dwe fè elèv yo, devan yon sitiyasyon kote ki gen pwoblèm ki gen rapò ak kò yo, anviwonman yo, ak teknoloji e ak syans, kapab pote yon repons oubyen yon konsey pou resoud pwoblèm nan.	Organizasyon klas la : Mèt la ap divize klas la an 5 gwoup
Konpetans 1 :	Fabrike yon pwodwi atizanal ak materyèl ki nan anviwònman yo.	Materyèl : Moso katon, lanmidon, kreyon koulè, makè/fet, bwat katon.
Objektif aprantisaj :	Elè yo ap fabrike poubèl	Dire : 120 mn

Deklanchè aktivite a: Pou kòmanse, anseyan an ap mete elèv yo nan yon sitiyasyon –pwoblèm ki dwe fè yo poze tèt yo kesyon. Li chwazi montre yo yon bèl poubèl ki fèt ak bwat katon, ki byen dekore ak bèl ti flè sou li. Epi l ap poze yo kesyon sa: **Eske nou pa ta remen aprann fè bèl ti poubèl sa?**

Etap 1 : Mèt la a ap di : timoun, jodia nou pral aprann fè poubèl pou n met nan klas la ak lakay nou pou n jete fatra. Pou n fè fè sa nou pap bezwen achte bagay chè.

L ap montre timoun yo materyèl li pote yo: bwat katon, tep, fet oubyen makè oubyen kreyon koulè.

Pou l kòmanse, l ap pran 2 mwayèn bwat, l ap mete yonn sou lòt epi l ap tepe yo pou yo ka kole ansanm. Lè l fini l ap pran makè yo/fet yo, l ap fè bèl desen sou tout kò bwat yo pou l byen dekore l. Epi l ap montre timoun yo li pou yo ka byen wè l.

Etap 2: l ap mete timoun yo an gwoup, l ap ba yo materyèl pou yo fè pwòp poubèl pa yo. L ap pase tanzantan bò kote chak gwoup yo pou l ka kontwole ak ede yo nan sa y ap fè a.

Entegrasyon pasyèl: Mèt la ape de timoun yo fabrike yon gwo poubèl ki gen fòm silendrik pou met fatra nan klas la.

SEKANS 2: Tèm: inisyation nan teknoloji ak nan aktivite pwodiktiv

Konpetans tèminal :	Nan fen premyè ane, mèt la dwe fè elèv yo, devan yon sitiyasyon kote ki gen pwoblèm ki gen rapò ak kò yo, anviwonman yo, ak teknoloji e ak syans, kapab pote yon repons oubyen yon konsey pou resoud pwoblèm nan.	Organizasyon klas la : Mèt la ap divize klas la an 5 gwoup
Konpetans 1 :	Fabrike yon pwodwi atizanal ak materyèl ki nan anviwònman yo.	Materyèl : Ti kèp, mwayèn kèp, gwo kèp, fil sire. Klou 1/2 pouz, alimèt.
Objektif aprantisaj :	Elè yo ap Fabrike yon telefòn	Dire : 60mn

Deklanchè aktivite a: Pou kòmanse, anseyan an ap mete elèv yo nan yon sitiyasyon –pwoblèm ki dwe fè yo poze tèt yo kesyon. Li chwazi montre yo yon telefòn atizanal ; epi l ap poze yo kesyon sa :**Kiles timoun ki konn sa sa ye?**

Etap 1 : Mèt la ap di: **jodia nou pral fabrike yon telefòn atizanal.**

L ap montre timoun yo materièl li pote yo: plizyè ti piti, mwayèn ak gwo kèp, fil sire, kèk klou $\frac{1}{2}$ pouz ak yon bwat alimèt. Epi l ap poze yo kesyon sou yo: (**Kisa sa ye timoun?**)

Poul kòmanse, l ap pran yon klou, l ap fè yon twou nan mitan dèyè 2 ti kèp oubyen 2 mwayèn kèp, oubyen 2 gwo kèp. L ap foure pwent yon fil nan yon ti twou ki nan dèyè yonn nan kèp yo, epi l ap mare l nan yon bwa alimèt pou l pa sòti. Aprè sa, l ap foure lòt pwent lan nan ti twou ki nan dèyè yon lòt kèp la ki menm gwasè ak premye a, l ap mare pwent lan nan yon grenn alimèt tou. (Fòk fil la gen yon longè 4 mèt).

Aprè sa l ap fè yon timoun met yonn nan kèp yo nan zòrèy li, li l'ap met lòt la nan bouch li, l'ap detire fil la byen detire epi l'ap pale nan kèp ki nan bouch li a ak timoun ki gen lòt la nan zòrèy li a.

L'ap fè lòt timoun yo eseye tou 2 pa 2.

Etap 2: I ap mete timoun yo an gwooup epi l'ap ba yo kèp ak fil ak bwa alimèt pou fabrike telefòn pa yo.

Chak gwooup ap gen 2 kèp ki gen menm gwosè pou yo fè telefòn pa yo. Lè yo fini, chak gwooup ap eseye telefòn yo fè a. Aprè sa, y ap fè echanj ak lòt gwooup yo pou yonn ka esye travay lòt.

L ap fè chema a sou tablo a, epi l ap fè elèv yo kopye l nan kaye yo

Entegrasyon pasyèl: Fabrike yon telefòn atizanal avèk 3 gwosè kèp diferan (piti, mwayèn, gwo) e 3 longè fil diferan (kout, long, long anpil). Aprè sa, eseye tou lè twa. Lè w fini, di kilès ladan yo lè yo pale ou tande pi byen?

SEKANS 3: **Tèm:** inisyation nan teknoloji ak nan aktivite pwodiktiv

Konpetans tèminal :	Nan fen premyè ane, mèt la dwe fè elèv yo, devan yon sitiayson kote ki gen pwoblèm ki gen rapò ak kò yo, anviwonman yo, ak teknoloji e ak syans, kapab pote yon repons oubyen yon konsey pou resoud pwoblèm nan.	Òganizasyon klas la : Mèt la ap divize klas la an 5 gwooup
Konpetans 1 :	Fabrike yon pwodwi atizanal ak materyèl ki nan anviwònman yo.	Materyèl : Ti Fil elektrik ki gen po (fil acha) – gwo clou an fè - pil
Objektif aprantisaj :	Elè yo ap Fabrike yon elektro-eman	Dire : 60mn

Deklanchè aktivite a: Pou kòmanse, anseyan an ap mete elèv yo nan yon sitiayson –pwoblèm ki dwe fè yo poze tèt yo kesyon. Li chwazi montre yo yon eman ki mare nan yon fil, epi l ap emante yon pakèt tronbòn avè l. Aprè l ap poze yo kesyon sa :**kilès timoun la ki ta renmen aprann fè eman ?**

Etap 1 : Lap di timoun yo: **jodia nou pral fabrike yon elektro-eman.**

Lap montre timoun yo materièl li pote yo: plizyè branch fil acha, plizyè gwo klou ak kèk pil. Epi lap poze yo kesyon sou yo: (**Kisa sa ye timoun?**)

Poul kòmanse, lap mande timoun yo pou yo swiv li. Lap pran yon klou ak yon branch fil acha ki mezire 1m 50. Lap woule fil la sou tout kò klou a nan 3 kouch; lap kite pwent klou a parèt, epitou lap kite 2 branch fil pandye. Lap dekale pwent tou de epi lap kole chak nan bòn yon pil. Lè fini lap kole pwent klou a ak yon ti tronbòn, lap leve lanlè pou timoun yo ka wè li emante tronbòn. Aprè sa lap dekole yon pwent fil nan bòn pile la ka tonbe. Lap kole fil la ankò pou tronbòn lan ka emante ankò.

Etap 2 : Lap mete timoun yo an gwoup epi lap bay nan chak gwoup yon klou, yon branch fil acha, yon pil ak yon ti tronbòn pou yo fabrike elektro-eman pa yo

Lap pase nan chak gwoup pou l sipèvize travay yo

Lap fè chak gwoup pase devan pou yo vin fè demonstrasyon ak elektro-eman yo fabrike a

Entegrasyon pasyèl: Mèt ape de elèv yo fabrike yon pi gwo elektro-eman

SEKANS 4: **Tèm:** inisyation nan teknoloji ak nan aktivite pwodiktiv

Konpetans tèminal :	Nan fen premyè ane, mèt la dwe fè elèv yo, devan yon sitiyasyon kote ki gen pwoblèm ki gen rapò ak kò yo, anviwonman yo, ak teknoloji e ak syans, kapab pote yon repons oubyen yon konsey pou resoud pwoblèm nan.	Organizasyon klas la : Klas la ap rete an gran gwoup
Konpetans 1 :	fè elvaj ak jadinaj.	Materyèl : Planch didactic ki gen desen Kabrit, .
Objektif aprantisaj :	Elèv yo ap Aprann fè elvaj kabrit.	Dire : 60 mn

Deklanchè aktivite a: Pou kòmanse, anseyan an ap mete elèv yo nan yon sitiyasyon –pwoblèm ki dwe fè yo poze tèt yo kesyon. Li chwazi montre timoun yo yon planch didaktik ki gen desen yon kabrit ladan l, epi l'ap poze kèk kesyon tankou:

1-Ki bète sa ye timoun?
Ki kote nou konn wè l?
Kisa li manje?
Eske moun ka manje l?
Eske vyann li gou?
Ki moun la ki renmen manje l?
ki moun la ki gen kabrit lakay li?
Ki moun la ki ta remen gen yon kabit?
Eske nou konn kijan yo fè elvaj kabrit?

Etap 1 : L ap li ti tèks sa pou yo :

Pou l kòmanse l'ap di: kounyeya mwen pra l li yon ti tèks jan ekri pou nou, pou n ka konn kouman yo gade kabrit ; nou prè ? Oke, m'ap kòmanse : "mwen rele Jan, mwe se yon gadò kabrit. Men kouman mwen pran swen kabrit mwen yo: chak maten lè m leve anvan m al lekòl, m'al mete yo kote ki gen zèb pou yo ka byen manje.

Lè m sot lekòl, mwen ba yo dlo pou yo bwè.

Lè fredi, mwen pa kite yo dòmi deyò, mwen mete yon nan anklo, pou yo pa mouri, paske kabrit pè fredi anpil.
 Lè yo malad mwen toujou mennen yo kay veterinè pou ba yo remèd, konsa kabrit mwen yo toujou anfòm.

Etap 2: I ap poze kesyon sa yo sou teks la :

1-kisa jan ye?

2-Eske Jan lekòl?

3-Ki kote Jan met kabrit li yo chak maten?

4-Poukisa se la li mete yo? Kisa kabrit pè anpil? Kisa fredi a ka fè yo ?

5-Kisa nou ka fè pou n proteje yo lè gen fredi ?

6-Kisa pou n fè pou yo lè yo malad ?

- L'ap konkli konsa :
- Donk timoun, nou wè se pa difisil, tout moun ka fè elvaj kabrit.

Entegrasyon pasyèl: Mèt la ap ede timoun yo fè elvaj yon bêt sou kote klas la

SEKANS 1 : Dives etap devlopman moun

Konpetans tèminal :	Nan fen deyèm ane, mèt la dwe fè elèv yo, devan yon sitiyasyon kote ki gen pwoblèm ki gen rapò ak kò yo, anviwonman yo, ak teknoloji e ak syans, kapab pote yon repons oubyen yon konsey pou resoud pwoblèm nan.	Organizasyon klas la : klas la ap separe an 5 gwoup. Chak gwoup ap gen 5 elèv ladan 1. Nan chak aktivite yon elèv diferan ap jwe wòl rapòtè.
Konpetans 1 :	Dekouvri tout etap devlopman moun.	Materyèl : planch didaktik oswa desen moun nan diferan etap nan lavi yo ak foto timoun yo
Objektif aprantisaj :	Elèv la ap kapab dekovri chanjman ki fèt nan kò moun lè y ap grandi	Dire : 60 minit

Deklanchè aktivite a : Pou kòmanse, anseyan an ap mete elèv yo nan yon sitiyasyon –pwoblèm ki dwe fè yo poze tèt yo kesyon. Li chwazi Pou li montre timoun yo 3 foto (yon gran moun, yon jèn moun, yon timoun). Sou tèt foto granmoun nan l ap ekri : “timoun 8 an” – sou tèt foto timoun nan l ap ekri : “ granmoun 40 an ” – sou tèt jèn moun nan l ap ekri : “ ti granmoun 90 an ”. L ap mande timoun yo pou yo gade, epi di sa yo panse. L ap ekri repons yo sou table a:

Etap 1: Anseyan an ap prezante timoun yo kek foto yon menm moun: yonn lè 1 bebe, yonn lè 1 timoun, yonn lè 1 jèn moun, yonn lè 1 gran moun Lap mande yo :

- 1-Kisa nou wè ki diferan nan chak foto sa yo ?
- 2-ki etap nan lavi yon moun chak foto sa yo montre?
- 3- klase etap sa yo yonn apre lot, epi di ki chanjman nou obsève nan chak foto?

Etap 2 : Anseyan an ap mande elev yo pou yo pase devan klas la pou prezante travay etap 1 an. Aprè sa, l ap fè yon ti sentèz sou table a konsa: Nan lavi yon moun gen plizyè etap li pase depi lè li fèt jiskaske li mouri.

Lè li fèk fèt yo rele etap sa **BEBE** - lè li kòmanse mache, pale, ale lekòl, li gen 4 an, yo rele 1 **TIMOUN** – Lè li fòme, vwa 1 chanje, tete 1 pouse, li gen plim nan kò l, li gen 15 an, yo rele 1 **JÈN** – Lè li fè ptit, li marye, l ap travay, li lan kay li, yo rele 1 **GRANMOUN** – Lè figi 1 kòmanse plise, po 1 plise, cheve 1 blanch, l ap mache do ba tipa tipa, yo rele 1 **TI GRANMOUN** oubyen **PèSONAJ**.

SEKANS 2 : ògàn yo sans yo ak jan pou yo pran swen organ sa yo

Konpetans tèminal :	Nan fen deyèm ane, mèt la dwe fè elèv yo, devan yon sitiyasyon kote ki gen pwoblèm ki gen rapò ak kò yo, anviwonman yo, ak teknoloji e ak syans, kapab pote yon repons oubyen yon konsey pou resoud pwoblèm nan.	Organizasyon klas la : yon sèl gran gwoup
Konpetans 2 :	Dekouvri ògàn sans yo ak jan pou yo pran swen yo.	Materyèl : kaye – sitron – kola banana – ti radio – fig mi
Objektif aprantisaj :	Elèv la ap konnen ògàn sans yo	Dire : 60 mn

Deklanchè aktivite a: Pou kòmanse, anseyan an ap mete elèv yo nan yon sitiyasyon –pwoblèm ki dwe fè yo poze tèt yo kesyon. Li chwazi mare je yon elèv ak yon riban. Li mete l kanpe nan yon kwen nan klas la epi l ap endike l wout pou l fè pou l avanse sòti kite klas. Epi l ap poze klas la kesyon sa yo:

- 1- Eske elèv la wè kote l prale?
- 2- Kòman l fè rive sòti san l pa wè ?
- 3- Si l te soud, li paka tandem epi m mare je l, eske li t ap rive sòti?

Etap 1: Anseyan an ap fè egzasis sa a ak timoun yo, l ap pran menm elèv la, l ap mare je elev la anko l ap mache nan tout klas la avèk elev la. Aprè, l ap mete elev la nan menm kwen li te ye a anko, epi l ap mande l pou l sòti deyò klas la san pèsòn pa endike l wout pou l fè. Apre elev la fini soti anseyan an ap poze klas la kesyon sa yo :

- 4- Eske nou te endike l kote pou l fè ?
- 5- Kòman l fè pou l deplase ?

Anseyan an ap ekri repons elev yo sou tablo a

Etap 2: Anseyan an ap fè egzesis sa a avek elèv yo. L ap mande 4 elev pase devan klas la, l ap mere je y oak yon riban, l ap mete yo kanpe. L ap mete devan youn yon fig – devan yon lòt yon boutèy kola – devan twazyèm nan, yon ti radio k ap jwe – epi devan katrièm, yon gressitron. L ap mande yo pou yo itilize tout sa ki nan kò yo pou idantifye ki objè ki devan yo.

Pou fini anseyan an ap mande elev yo pou idantifye dives pati ko moun. Tankou y ap di pou idantifye yon bagay nou itilize sans nou pou fe sa. Y ap di nou tout la gen 5 sans : Zorey – Je – Nen – Lang ak bouch epi Men.

SEKANS 3 : Tèm : Kò moun (Dekouvrir jan pou yo pran swen ògàn yo sans yo)

Konpetans tèminal :	Nan fen dezyèm ane, mèt la dwe fè elèv yo, devan yon sitiyasyon kote ki gen pwoblèm ki gen rapò ak kò yo, anviwonman yo, ak teknoloji e ak syans, kapab pote yon repons oubyen yon konsey pou resoud pwoblèm nan.	Organizasyon klas la : yon sèl gran gwoup
Konpetans 3 :	Dekouvrir jan pou yo pran swen yo ògàn sans yo.	Materyèl : Imaj moun k ap fwote zye ak men sal – moun k'ap lave zye ak dlo pwòp – moun ki kale zye anlè pou l gade solèy – moun ki mete men l sou fwon l pou l bare zye l pou solèy la – moun k ap mache ak linèt nwa nan zyel nan solèy - moun k ap antre ti bwa pwenti nan zòrèy li – moun k ap pase aplikatè nan zòrèy li – moun k ap pase dwèt li nan nen l – moun k ap pase twal pwòp oswa aplikatè nan nen l – moun k ap mete manje cho nan bouch li – moun k ap niche ti sirop ki tonbe atè – timoun k ap souse tèt plim ak règ – moun k ap bwose lang li – moun k ap soufle yon kiyè manje avan l mete l nan bouch li – timoun k ap woule atè – timoun k ap mache, k ap foure men nan dlo labou
Objektif aprantisaj :	Elèv la ap konnen jan pou li pran swen ògàn sans yo	Dire : 60 mn

Etap 1 : Anseyan an ap prezante elev yo kek imaj. Li chwazi montre elèv yo yon planch didaktik ki gen imaj yon timoun ki gen lang li chaje ak chanklèt (ti blad dlo). Epi l ap poze yo kesyon: **Kilès timoun ki abitwe gen maladi sa nan lang li ? Kisa daprä nou ki ka bay maladi sa ?**

Etap 2 : Anseyan an ap mande elev yo pase devan klas la pou prezante youn aprè lòt.

Pou fini anseyan an ap fè sentèz ak elev yo sou ògàn yo ak sans nou yo epi enpòtans yo genyen. se sak fè nou dwe toujou pran swen yo. L ap di yo tou kòman nou dwe pran swen yo:

Tankou lè n ap lave zye nou se pou n lave l avèk dlo pwòp, si men nou sal nou pa dwe pase l nan zye n – nou pa fèt pou n kale zye n gade solèy – nou pa dwe antre bagay pwenti nan zòrèy nou - nou pa dwe antre dwèt nou nan nen nou, se avèk aplikatè pou n netwaye nenn – nou pa dwe mete manje cho nan bouch – nou pa dwe mete bagay sal nan bouch nou tankou plim, krayon, règ...elatriye – nou pa dwe benyen ak dlo sal ni dlo ki pa trete.

SEKANS 4 : Tèm : Kò moun (Dekouvri aliman pou manje pou pran swen kò nou)

Konpetans tèminal :	Nan fen deyèm ane, mèt la dwe fè elèv yo, devan yon sitiyasyon kote ki gen pwoblèm ki gen rapò ak kò yo, anviwonman yo, ak teknoloji e ak syans, kapab pote yon repons oubyen yon konsey pou resoud pwoblèm nan.	Organizasyon klas la : yon sèl gran gwoup
Konpetans 4 :	. Dekouvri fason moun dwe manje pou yo pran swen kò yo.	Materyèl : Planch ki gen 3 gwoup aliman yo ladan 1 – imaj plat manje ki ekilibre ak plat manje ki pa ekilibre
Objektif aprantisaj :	Elèv la ap konnen tout sa li dwe manje pou li pran swen kò 1	Dire : 60 mn

Etap 1: Anseyan ap prezante elev yo yon planch didaktik ki prezante gwoup aliman yo. L ap mande timoun yo pou yo byen gade, epi l ap poze kesyon sa: **ki manje yon moun dwe manje nan lis aliman sa pou kò l ka plen?** L ap ekri tout repons timoun yo sou tablo a. Aprè sa l ap poze yo kesyon sou rezon ki fè yo chwazi chak aliman. Tankou:

- 5- Poukisa se aliman sa nou chazi ?
- 6- kisa nou jwenn nan aliman sa ?
- 7- Kisa aliman sa ap fè pou kò nou ?

Etap 2 : Anseyan ap prezante elev yo 2 pla manje: yonn ki ekilibre ak tout ji bò kote 1 – lòt la ki pa ekilibre men ki gwo anpil. L ap poze yo kesyon sa : Nan 2 pla manje sa yo, kilès ki pi bon pou kò nou? Anseyan an ansanm ak elev yo ap fe sentez pou ede timoun yo konprann : gen 3 gwoup aliman:

- 1-Aliman konstriktè, ki pèmèt kò a devlope, fè kò a byen anfòm ; nou jwenn li nan vyann, ze, lèt.....
- 2- Aliman protektè, ki proteje kò a kont maladi ; nou jwenn li nan fwi yo : zoranj melon karòt.....
- 3-Aliman enèjetik, ki ban nou fòs pou n pale, mache, kouri ; nou jwenn li nan sereyal yo : mayi, diri, ble, bannann.....

SEKANS 5 : Tèm : plant nan lokalite a (Dekouvri bezwen plant yo)

Konpetans tèminal :	Nan fen deyèm ane, mèt la dwe fè elèv yo, devan yon sitiyasyon kote ki gen pwoblèm ki gen rapò ak kò yo, anviwonman yo, ak teknoloji e ak syans, kapab pote yon repons oubyen yon konsey pou resoud pwoblèm nan.	Organizasyon klas la: nan yon premye tan klas la ap rete an gran gwoup, nan yon dezyèm tan l ap separe l an 4 gwoup. Chak gwoup ap gen 6 elèv ladan l.
Konpetans 1 :	Dekouvri bezwen plant yo	Materyèl : 3 Plant (zepina) nan 3 po ki gen tè – 1 plant ak tout rasin ki pa nan tè – 1 po vid – 2 sachè plastik dray transparan – fisèl – 10 elastik – 1 ti bwat katon – 3 fèy jounal - 1 boukè flè blanch ak tout tij – 2 branch seleri
Objektif aprantisaj :	elèv la ap dekovri bezwen plant yo	Dire : 120 mn

Etap 1: Anseyan ap prezante elev yo yon planch didaktik ki gen tou sa yon plant bezwen pou li viv byen. Nan planch lan anseyan ap mande timoun yo idantifye: **kisa yon plant bezwen pou l viv?** Timoun yo kapab di yon plant bezwen dlo, tè, lè, limyè ak solèy la pou l viv byen

Y ap di tou: si yon plant pa jwenn dlo, tè, lè ak limyè sa k ap rive l. Tankou l ap mouri

Pou fini anseyan ape de timoun nan konprann yon plant bezwen dlo, tè, lè ak limyè solèy la pou l viv epi tou l ap ede yo konnen se pa tout plant ki bezwen tè pou yo viv, gen ladan yo ki viv nan dlo sèlman. Yo rele yo plant akwatik

SEKANS 6 : Tèm : plant nan lokalite a (klase plant yo daprè itilite yo)

Konpetans tèminal :	Nan fen deyèm ane, mèt la dwe fè elèv yo, devan yon sitiyasyon kote ki gen pwoblèm ki gen rapò ak kò yo, anviwonman yo, ak teknoloji e ak syans, kapab pote yon repons oubyen yon konsey pou resoud pwoblèm nan..	Organizasyon klas la: nan yon premye tan klas la ap rete an gran gwoup, nan yon dezyèm tan 1 ap separe 1 an 5 gwoup. Chak gwoup ap gen 5 elèv ladan 1.
Konpetans 2 :	klase plant yo daprè itilite yo	Materyèl : Panye - Pèsi – pwawo – chou – ten – epina – kreson – seleri – leti – asowosi – sitwonèl – fèy vèvèn – fèy zoranj – fèy pwa kongo – fèy jouwoumou – zèb – fèy bannann – branch koton ak tout koton ladan li – branch woz – branch lorye
Objektif aprantisaj :	Elèv la ap Konnen jan pou 1 klase plant yo	Dire : 60 mn

Deklanchè aktivite a: Pou kòmanse, anseyan an ap mete elèv yo nan yon sitiyasyon –pwoblèm. Li chwazi montre timoun yo yon panye ki gen plizyè plant ladan l: tankou Pèsi – pwawo – chou – ten – epina – kreson – seleri – lyan panye - leti – asowosi – sitwonèl – fèy vèvèn – fèy zoranj – fèy pwa kongo – fèy jouwoumou – zèb – fèy bannann – branch koton ak tout koton ladan l. Epi 1 ap mande yo pou yo di non chak plant sa yo wè nan panye a.

Etap 1 : Anseyan ap mande elev yo pou klase plant sa yo selon itilite yo. Sa vle di si yon plant kapab itilize pou fè yon menm bagay 1 ap mete yo nan menm kolonn. L ap fè egzesis la konsa.

PLANT MOUN MANJE		PLANT BÉT MANJE	PLANT POU FÉ REMÉD	PLANT POU FÉ TWAL
Epis	Legim			
Pèsi pwawo ten	Chou Epina Kreson Seleri lyan panye leti	fèy pwa kongo fèy jouwoumou zèb fèy bannann Chou Epina lyan panye leti	fèy vèvèn sitwonèl asowosi fèy zoranj fèy pwa kongo	Koton

Pou fini 1 ap ede elev yo konnen gen plant ni moun ni bét ka manje l, gen lòt se bét Selman ki manje l. Aprè sa l'ap fè yo kopye sentèz la nan kaye yo.

SEKANS 7: Tèm: eleman natirèl yo (Diferan kalte woch)

Konpetans tèminal :	Nan fen deyèm ane, mèt la dwe fè elèv yo, devan yon sitiyasyon kote ki gen pwoblèm ki gen rapò ak kò yo, anviwonman yo, ak teknoloji e ak syans, kapab pote yon repons oubyen yon konsey pou resoud pwoblèm nan.	Organizasyon klas la : yon sèl gran gwoup
Konpetans 1 :	Dekouvri pwopriyete roch, dlo, ak itilite yo epi tout sa ki fòme sol la	Materyèl : Ajil – mab – silèks – ròch galèt – roch kalkè – mato - sitwon - vinèg
Objektif aprantisaj 1 :	Elèv la ap Konnen pwopriyete roch ak itilite yo	Dire : 60 mn

Deklanchè aktivite a: Pou kòmanse, anseyan an ap mete elèv yo nan yon sitiyasyon –pwoblèm . Li chwazi montre yo plizyè kalte ròch: tankou woch Granit, galèt, krè, mab, kalkè, ajil..... l'ap poze yo kesyon sa: **nan tout ròch ki sou biwo a, kilès ladan yo ki pi fasil pou kase epi kiles nan yo ki pi difisil pou kase?**

Etap 1 : Anseyan ap pran yon mato 1 ap frappe sou chak wòch yo. Epi 1 ap eksplike yo tout ròch ki kase fasil yo. Yo rele yo ròch sedimentè. Tankou lakkò a pa ekzanp, se ak ròch kalkè, li fet nou kapab rele woch sedimentè. Kalte woch yo rele woch sedimentante yo nou jwenn yo bò falèz, bò lanmè.

Yo sèvi ak woch kalke a pou yo fè lacho pou blanchi mi kay. li sevi tankou penti. Wòch sa rele ajil, se yon ròch ki kase fasil, yo sèvi avè l tou pou yo fè potri, krich ak sandriye.....

Etap 2 : Anseyan an ap prezante elev yo yon planch didaktik ki gen dives kalte woch ladan. L ap mande yo klase woch epi di ki karakteristik ak itilite yo genyen tankou :

	Galèt	Granit	kalkè	mab	ajil
karakteristik	Ròch di	Ròch ki trè di	Ròch plizoumwen di	Pa telman di	Ròch tki kase fasil
Itilite	Fè gravye pou koule beton	Fè sòl kay, ak mi kloti	Fè lacho	Dekorasyon kay, fè estati	Fè po, krich, sandriye

Pou fini anseyan an ede elev yo konnen kouman pou dekouvri woch sedimentante oswa woch kalke li ye. L ap vide ansanm ak elev yo yon gout sitwon oubyen yon gout vinèg sou yon woch. L ap ede yo konprann si woch la fè kim kote, konnen se yon ròch se dimantè li ye

SEKANS 8 : Tèm : eleman natirèl yo (Transformasyon ko solid - ko likid, ko likid – ko solid)

Konpetans tèminal :	Nan fen deyèm ane, mèt la dwe fè elèv yo, devan yon sitiyasyon kote ki gen pwoblèm ki gen rapò ak kò yo, anviwonman yo, ak teknoloji e ak syans, kapab pote yon repons oubyen yon konsey pou resoud pwoblèm nan.	Organizasyon klas la : yon sèl gran gwoup
Konpetans 1 :	Dekouvrir pwopriyete roch, dlo, ak itilite yo epi tout sa ki fòme sol la	Materyèl : yon kaswòl ak kouvèti – yon po dlo – yon ti recho chabon/ recho kouran – glas – vè - sèvyèt - planch didaktik ki montre moun k ap benyen, k ap lave rad, veso, ponpye k ap etenn dife
Objektif aprantisaj 2 :	Elèv la ap Konnen pwopriyete dlo ak jan yo kapab itilize yo	Dire : 60 mn

Deklanchè aktivite a: Pou kòmanse, anseyan an ap mete elèv yo nan yon sitiyasyon –pwoblèm. Li chwazi montre timoun yo yon vè, li pran yon sèvyèt li siye li. li mete glas ladan l rive nan mwatye, epi li depoze l sou biwo. Li mande timoun yo pou yo obsève l pandan yon ti moman. Aprè sa l ap poze yo kesyon sa: **kisa nou wè anba vè a? epi sa yo we a ki kote l sòti daprè nou menm?** Lè li fini diskite ak yo, l ap eksplike yo dlo sa k ap koule anba oswa deyo a se vapè dlo ki antoure vè a ki soti epi ki tounen likid. Se glas la ki fè sa, li fè kò vè a vin frèt, epi tout vapè ki kole avè l tounen ti gout dlo.

Etap 1 : Anseyan ap prezante elev yo dives eta yon ko kapab pase tankou dlo ki kapab pase plizye eta solid – likid - gaz

Etap 2 : Anseyan ansanm ak elev yo ap dekouvrir epi konprann dlo kapab pase yon eta pou rive yon lot eta san difikilte. Parekzanp, li ka soti eta gaz rive eta likid - L ap fè sa pandan l ap leve kouvèti kaswòl dlo bouyi a yon wotè 5 santimèt; epi l ap panche l tou piti epi yon ti tan l ap konstate gout dlo kòmanse ap tonbe.

Pou fini l ap aprann elev yo se dlo nan kaswòl la ki monte an vapè pandan chalè dife a fè l bouyi ki tounen dlo sou fom likid.

SEKANS 9 : Tèm : entèraksyon eleman nan lantouraj la (rapò èt vivan yo genyen ak anviwònman an)

Konpetans tèminal :	Nan fen deyèm ane, mèt la dwe fè elèv yo, devan yon sitiyasyon kote ki gen pwoblèm ki gen rapò ak kò yo, anviwonman yo, ak teknoloji e ak syans, kapab pote yon repons oubyen yon konsey pou resoud pwoblèm nan.	Organizasyon klas la : nan yon premye tan klas la ap rete an gran gwoup, nan yon dezyèm tan l ap separe l an 5 gwoup. Chak gwoup ap gen 5 elèv ladan l.
Konpetans 1 :	idantifye rapò èt vivan yo genyen ak anviwònman an	Materyèl : Yon Postè ki montre yon anviwònman byen bwaze, rivyè, zwazo tout kalte soup ye bwa yo, nan nich, bò rivyè a, timoun k ap jwe, moun k ap fè jaden, gwo kochon nan pak – yon lòt ki montre yon anviwònman debwaze, rivyè sèch, souch bwa yo parèt, pa gen zwazo, jaden yo brile, kay yo lèd, solèy la cho, 3 moun chita anba yon pyebwa men nan machwè, kochon mèg nan patiraj, timoun ki soufri malnitrison
Objektif aprantisaj :	Elèv yo ap dekouvri rapò ant èt vivan yo ak milye y'ap viv la	Dire : 60 mn

Deklanchè aktivite a: Pou kòmanse, anseyan an ap mete elèv yo nan yon sitiyasyon –pwoblèm. Li chwazi montre yo 2 postè :

1-youn ki montre yon anviwònman byen bwaze (rivyè, zwazo, timoun k ap jwe, moun k ap fè jaden, gwo kochon nan pak –

2-yon lòt ki montre yon anviwònman debwaze, rivyè sèch, pa gen zwazo, jaden yo brile, kay yo lèd, 3 moun chita anba yon pyebwa men nan machwè,

kochon mèg nan patiraj, timoun ki soufri malnitrison. Epi l ap poze yo kesyon:

-Ki diferans nou fè ant 2 postè sa yo ?

-Lè n konpare pèsomaj nan anviwonman byen bwaze a ak pèsomaj nan anviwònman debwaze a, sa fè n konprann kisa ?

-L ap ankouraje timoun yo pou yo pale

Etap 1 : Anseyan ap mande timoun yo pase devan klas la pou prezante epi di tou sa yo konprann nan 2 poste yo

Etap 2 : Anseyan ansanm ak elèv yo ap fè sentèz pou ede elev yo konprann: èt vivan yo depann de milye y ap viv la. Konsa, si yon milye pwòp, li bèl, li agreyab, li rich l ap enfliyanse lavi moun ak bèt k ap viv ladan l. Menm jan an tou, si milye a devaste, sal, debwaze, l ap genyen enfliyans sou lavi moun ak lavi bèt, sou sante moun ak sou mwayen ekonomik yo (sa vle di fason pou yo jwenn lajan pou manje, pou al kay doktè...elatriye). L ap fè chak gwoup prezante travay yo fè a. Lè yo fini, l ap diskite avèk yo sou sa yo ekri a, epi l ap pote koreksyon ladan yo.

SEKANS 10 : Tèm : Inisyasyon nan teknoloji ak aktivite pwodiktiv (sèvi ak teknoloji enfòmasyon)

Konpetans tèminal :	Nan fen deyèm ane, mèt la dwe fè elèv yo, devan yon sitiyasyon kote ki gen pwoblèm ki gen rapò ak kò yo, anviwonman yo, ak teknoloji e ak syans, kapab pote yon repons oubyen yon konsey pou resoud pwoblèm nan.	Organizasyon klas la : nan yon premye tan klas la ap rete an gran gwoup, nan yon dezyèm tan l ap separe l an 5 gwoup. Chak gwoup ap gen 5 elèv ladan l.
Konpetans 1 :	kòmanse sèvi ak teknoloji enfòmasyon	Materyèl : Desktop (klavye, bwatye, ekran) – fotokopi òdinatè
Objektif aprantisaj :	Elèv la ap konnen pati ki fòme yon òdinatè, kòman pou l ouvè l ak fèmen l, kòman pou l antre nan Microsoft office Word	Dire : 120 mn

Deklanchè aktivite a: Pou kòmanse, anseyan an ap mete elèv yo nan yon sitiyasyon –pwoblèm. Li chwazi montre yo yon òdinatè (dekstop). Apre sa li poze yo kesyon: **Kòman yo rele aparèy sa? Kisa nou kapab fè avè aparey sa?**

Etap 1: Anseyan an ap distribiye fotokopi òdinatè ba yo. Aprè sa l ap eksplike yo: òdinatè a se yon zouti teknologik, yon aparèy yo itilize pou tape dokiman pou mete yo sou sipò elektronik, Yo sèvi avè l pou yo monte sou entènèt pou fè rechèch, ekri moun ak fè komèselatriye. Li gen pati sa yo ki fè l: ekran – klavye ak bwatye.....

Anseyan kapab touche ekran òdinatè a, l ap di: pati sa rele ekran. L ap leve fotokopi òdinatè a anlè, l ap touche ekran ki ladan l lan. Aprè l ap touche klavye òdinatè a, l ap di: pati sa rele klavye. L ap leve fotokopi òdinatè a anlè, l ap touché klavye. Aprè sa l ap touche bwatye òdinatè a, l ap di: pati sa rele bwatye, l ap leve fotokopi òdinatè a anlè, l ap montre bwatye a.l ap montre yo souri a

Etap 2 : Anseyan ap chwazi kèk elèv, l ap mande yo yonn aprè lòt pou yo vin touche chak pati nan òdinatè a, epi di non pati yo.

Etap 3: Anseyan ap limen odinate a epi li ap rele elèv yo nan gwoup 2 zou 3 elev pou yo vin limen l yo menm, epi antre nan microsoft office word

Etap 4 : Anseyan an ap ede elev yo tape yon mo sou klavye a, y ap peze yon sèl fwa youn aprè lòt chak lèt ki konpoze mo a. Parekzanp, pou tape **manje**, wa p peze, m, aprè w ap peze, a, aprè w ap peze, n, aprè w ap peze, j, aprè w ap peze, e. N ap pran yon lòt ekzanp : pou w ekri ‘

Etap 5 : Anseyan an ap montre elev yo kòman pou yo fèmen òdinatè: pou yo fèmen òdinatè a, l ap montre yo klike sou ti boul ki agoch anba òdinatè a, epi y ap klike ankò sou yon ti rektang ki make **Shut down**. Aprè sa òdinatè a ap fèmen poukонт li.

Pou fini, anseyan an ansanm ak elev yo ap fè sentèz pou ede yo konprann: Nan yon òdinatè (dekstop), nou jwenn yon ekran – yon klavye – yon bwatye – yon souri. Pou ouvè yon òdinatè, ou limen bwatye a avan, aprè ou limen ekran. Epi w tann yon ti moman pou ekran windows la parèt avan w kòmanse tape.

Pou yon moun tape sou yon òdinatè, fò l klike sou ti bou l ”start”ki a goch anba ekran an epi klike ankò sou **Microsoft office Word** pou l ka jwenn kote pou l tape.


SEKANS 11: Tèm: inisyation nan teknoloji ak nan aktivite pwodiktiv (Pratike elvaj poul)

Konpetans tèminal :	Nan fen deyèm ane, mèt la dwe fè elèv yo, devan yon sitiyasyon kote ki gen pwoblèm ki gen rapò ak kò yo, anviwonman yo, ak teknoloji e ak syans, kapab pote yon repons oubyen yon konsey pou resoud pwoblèm nan.	Òganizasyon klas la : Mèt la ap divize klas la an 5 gwoup
Konpetans 1 :	Pratike elvaj poul	Materyèl : Tèks sou fason yo fè elvaj poul
Objektif aprantisaj :	Elèv yo ap aprann fè elvaj poul	Dire : 30mn

Deklanchè aktivite a: Pou kòmanse, anseyan an ap mete elèv yo nan yon sitiyasyon –pwoblèm. Li chwazi montre timoun yo yon planch didaktik ki gen desen yon poul ladan l, epi l'ap poze kèk kesyon tankou:

1-Ki bët sa ye timoun?
 Ki kote nou konn wè l?
 Kisa li manje?
 Eske moun ka manje l?
 Eske vyann li gou?
 Ki moun la ki renmen manje l?
 ki moun la ki gen poul lakay li?
 Ki moun la ki ta remen gen yon poul?
 Eske nou konn kijan yo fè elvaj poul?

Pou fini l ap montre elev yo koman elvaj poul pa difisil, tout moun timoun kou gran moun ka fe elvaj poul.



3^{ème} Rue Rivière # 2. Port-au-Prince, Haïti
Boite Postale # 19029, Rue Capois
Téléphone : 3413-5536
Courriel : grieal@yahoo.fr

Groupe de Recherches et d'Interventions en Education Alternative

ZOUTI POU EVALYASYON PWOGGRAM FOMASYON A DISTANS


Matye : Initiasyonnan lasyans premye ane

Pou evalyasyon pwogram yo, w ap sèvi ak griy sa a. W ap koche (✓) chak endikatè yo apati echèl apresyasyon ki pi ba a.
Echèl apresyasyon : 1= Pa ditou 2= An pati 3= Prèske totalman 4= Totalman

ASPÈ EVALYE	Endikatè	Echèl apresyasyon				REMAK/KOMANTE
		1	2	3	4	
ORYANTASYON	<ul style="list-style-type: none">■ Pwogram nan respekte kourikoulòm (1yè ou 2èm AF)■ Konpetans fen sik yo defini byen aklè■ Tèm ki abode yo koresponn ak nivo elèv yo■ Anseyan ka konprann san difikilte oryantasyon fòmasyon an					
FAMILASYON AK CHWA KONPETANS YO	<ul style="list-style-type: none">■ Pwogram nan jan li fèt la ap rann elèv yo konpetan■ Nan chwa konpetans yo nivo elèv yo respekte■ Elèv yo ap kapab devlope ladrès pou rezoud pwoblèm nan yon sitiason ki prezante devan yo■ Anseyan yo kapab retwouvwwe yo san difikilte nan apwòch sa a ki tabli aprantisaj elèv yo sou baz konpetans					

Matye : Initiasyon nan lasyans premye ane

ASPÈ EVALYE	Endikatè	Echèl apresyasyon				REMAK/KOMANTE
		1	2	3	4	
ESTRATÉJI APRANTISAJ YO	<ul style="list-style-type: none"> ■ Mete elèv yon nan mitan sitiyasyon aprantisaj la ■ Pèmèt elèv yo konstrui konesans yo ■ Anseyan an jwe sitou yon wòl fasilitatè (akonpayatè) ■ Elèv la ap kapab itilize sa li aprann nan pou l rezoud pwoblèm li rankontre nan lavi li depi kounye a 					
CHWA AKTIVITE YO	<ul style="list-style-type: none"> ■ Gen rapò ak nivo laj elèv yo e nivo sosyokiltirèl yo ■ Pèmèt elèv yo patisipe ■ Pèmèt aprantisaj yo reyalize ■ Atreyan pou laj elèv yo 					
EVALYASYON APRANTISAJ YO	<ul style="list-style-type: none"> ■ Pwogram nan mezire aprantisal elèv yo reyalize ■ Evalyasyon fèt sou sa elèv yo aprann ■ Evalyasyon an pa penalize elèv yo ■ Evalyasyon ka pèmèt yo reyalize ki kote yo rive nan pwosesis fòmasyon yo 					



3^{ème} Rue Rivière # 2. Port-au-Prince, Haïti
Boite Postale # 19029, Rue Capois
Téléphone : 3413-5536
Courriel : grieal@yahoo.fr

Groupe de Recherches et d'Interventions en Education Alternative

ZOUTI POU EVALYASYON PWOGGRAM FOMASYON A DISTANS

Matye : *Initiasyon nan lasyans dezyeme ane*

Pou evalyasyon pwogram yo, w ap sèvi ak grij sa a. W ap koche (✓) chak endikatè yo apati echèl apresyasyon ki pi ba a.

Echèl apresyasyon : 1= Pa ditou 2= An pati 3= Prèske totalman 4= Totalman

ASPÈ EVALYE	Endikatè	Echèl apresyasyon				REMAK/KOMANTE
		1	2	3	4	
ORYANTASYON	<ul style="list-style-type: none">■ Pwogram nan respekte kourikoulòm (1yè ou 2èm AF)■ Konpetans fen sik yo defini byen aklè■ Tèm ki abode yo koresponn ak nivo elèv yo■ Anseyan ka konprann san difikilte oryantasyon fòmasyon an					
FAMILASYON AK CHWA KONPETANS YO	<ul style="list-style-type: none">■ Pwogram nan jan li fèt la ap rann elèv yo konpetan■ Nan chwa konpetans yo nivo elèv yo respekte■ Elèv yo ap kapab devlope ladrès pou rezoud pwoblèn nan yon sitiyason ki prezante devan yo■ Anseyan yo kapab retwouvwwe yo san difikilte nan apwòch sa a ki tabli aprantisaj elèv yo sou baz konpetans					

Matye : Initiasyon nan lasyans dezyeme ane

ASPÈ EVALYE	Endikatè	Echèl apresyasyon				REMAK/KOMANTE
		1	2	3	4	
ESTRATEJI APRANTISAJ YO	<ul style="list-style-type: none"> ■ Mete elèv yon nan mitan sitiyasyon aprantisaj la ■ Pèmèt elèv yo konstrui konesans yo ■ Anseyan an jwe sitou yon wòl fasilitatè (akonpayatè) ■ Elèv la ap kapab itilize sa li aprann nan pou l rezoud pwoblèm li rankontre nan lavi li depi kounye a 					
CHWA AKTIVITE YO	<ul style="list-style-type: none"> ■ Gen rapò ak nivo laj elèv yo e nivo sosyokiltirèl yo ■ Pèmèt elèv yo patisipe ■ Pèmèt aprantisaj yo reyalize ■ Atreyan pou laj elèv yo 					
EVALYASYON APRANTISAJ YO	<ul style="list-style-type: none"> ■ Pwogram nan mezire aprantisal elèv yo reyalize ■ Evalyasyon fèt sou sa elèv yo aprann ■ Evalyasyon an pa penalize elèv yo ■ Evalyasyon ka pèmèt yo reyalize ki kote yo rive nan pwosesis fòmasyon yo 					